


TRUTH CENTERED TRANSFORMATION

MODULE



Wanano NeMhuri BHUKU REMUDZIDZI

Chidzidzo chekutanga: Zvinotarisirwa kubva kuMurume nekuMukadzi

Basa rinotarisirwa kubva kuMurume

Verenga 1 Vakorinde 13:4-8, Vafiripi 2:1-8, Johani 13:2-17 wobva wapindura mibvunzo inotevera:

- 1 Magwaro aya anotsanangura sei rudo rwaMwari?
 - 1 Vakorinde 13:4-8
 - Vafiripi 2:1-8
 - Johani 13:2-17
- 2 Kubva munyaya dziripamashure Timeus angava akaita sei kuratidza kuda mudzimai wake, Leah sekudzidzisa kunoita Bhaibheri?
- 3 Ko murume angataridza sei mudzimai wake rudo nenzira imwe cheteyo? Mumapoka enyu budai nezingaitwa nemurume gumi kuratidza rudo kumudzimai wake.
- 4 Ndezvipi zvinoitika kana murume akatadza kuita zvaanofanirwa kuzadzisa basa rake sezvinotaura Bhaibheri?
- 5 Kana murume akabata mudzimai wake sezvinotaura Bhaibheri, zvingava nemugove upi pawanano yavo.

Basa rinotarisirwa kubva kumukadzi

Verenga Mavambo 2:18, 20, Dhuteronomi 33:29, VaEfeso 5:22, 24, 33

- 1 Ndezvipi zvezvimwe zvingava zvakaitwa naLeah kuti ave mubatsiri uye abate Timeus neruremekedzo?
- 2 Ndedzipi nzira dzingashandiswa kuva 'mubatsiri' uye kuratidza kuzvinipisa nekuzvipa nekuremekedza murume sezvinoda Mwari. Mumapoka fungai nzira gumi.
- 3 Zvingava nezviratidzo/mihoro/mibairo ipi kuwanano kana mudzimai akaita saizvi?
- 4 Ndezvipi zvingaitika kana mudzimai akasazadzisa zvaanotarisirwa neBhaibheri.

Chidzidzo 1: Rudo neRuremekedzo

Vanhu vazhinji vanobvumirana wanano haingovi yakareruka chete. Dzimwe nguva inonetsa zvakananyanya. Munhu watakaroorana naye anofanira kuva shamwari yedu yepedo (sahwira mukuru) pasi rese uye kutisimbisa zvakananyanya. Asi izvi handizvo zvazviri nguva dzose, kazhinji mukuroorana tinorwadzisana uye kurwa dzimwe nguva. Ko seiko kupokana kuchitika zvakareruka kudero uye tingazvidzivisa sei?

Mwari vakatipa mhinduro muBhaibheri. Rimwe ramagwaro akakosha mairirano newanano ndiVaEfeso 5. Makristu mazhinji anoziva magwaro aya asi tinofana kutarisa zvakare gwaro rokupedzisira.

*Asi imivo, mumwe nomumwe ngaade mukadzi wake sezvaanozvida iye,
nomukadzi ngaatye murume wake. VaEfeso 5:33*

Takapiwa mirairo miviri isinganetsi, umwe wemurume noumwe womukadzi. Varume idai vakadzi venyu. Vakadzi remekedzai varume venyu. Sei mirairo iyi yakasiyana? Sei vakadzi vakanzi varemekedze, varume vade vakadzi vavo? Nokuti Mwari anotiziva, anoziva zvinoda. Mwari anoziva kuti varume vanoda ruremekedzo uye vakadzi vanoda kudiwa. Varume vanoda kudiwa uye vakadzi vanodawo kuremekedzwa, asi varume vanokosha kuremekedzwa zvakananyanya uye vakadzi vanonyanyokuda rudo.

Kuvakadzi iyi inhau inokatyamadza. Vakadzi vazhinji vane mufungo wekutivarume, sezvavari ivo, vanongoda kudiwa. Tiri ipapo, dzidziso zhinji dzinokohodzera nezverudo. Dzidziso yekuti vakadzi varemekedze varume vavo inoita sekuti yakakanganikwa. Vakadzi vanofunga kuti varume vanoda kudiwa kudarika kuremekedzwa. Asi izvi handizvo.

Tikatarisa pakawanda tinoona mifananidzo yevavume vanoda kuremekedzwa uye vakadzi vanoda rudo. Kumasoja, nzvimbo yakazara nevarume, ruremekedzo nekuninipiswa kwakakosha zvokuru. Varume vanoshuvira kukwidza nemakata kuitira vawane ruremekedzo. Kusafarira komanda harisi dambudziko. Makomanda haane nekudiwa, vanokosha kuremekedzwa.

Ukuwo, ukatarisa mabhuku/magazini evanhukadzi unoona kuti vazhinji vavo vanotarisa nyaya dzerudo, kuita kuti vave vanoyevedza. Vakadzi vanoita zvishinji kuti vawedzere kudiwa. Kutya kwemunhu kadzi kuzhinji ndekwekuti pamwe vanhu havangamufariri. Izvi handizvo kuvarume, kuvarume, kutya kuzhinji kuri pakuti kungashaiwa kuremekedzwa.

Kana tichida kuona kufadza kwewanano yedu tinofanira kutevedzera murayiro uyu. Varume idai vakadzi venyu, vakadzi remekedzai varume venyu.

Zvimhingamupinyi Panhaurirano

Kuita izvi tofana kunzwisisa imwe nhambo yakakosha- Nhaurirano. Vakadzi nevarume vanotaura zvivo zvavo zverudo nekuremekedza nenzira dzakasiyana-siyana. Zvinenge zvichitaura vanhukadzi handizvo zvinonzwikwa nevarume kazhinji mimufungo yavo inenege yatove imwe nyaya. Ukuwo zvinenge zvichitaurwa nevarume kazhinji handizvo zvinonzwiswa nevanhukadzi

Wanga uchizivira here? Nzira inoshandiswa nayo nevanhukadzi kutaura kuti vanonzwa sekuti havasi kudiwa zvakanwana kazhinji inoita kuti varume vanzwe sekuti havaziri kuremekedzwa. Ukuwo nzira inozopindurwa nayo nevanhurume inoita kuti vakadzi vawedzere kunzwa sevasiri kudiwa zvakanwana. Vamwe vanoti izvi zvinotenderedza musoro - kuti toda kudiwa nekuremekedzwa asi nzira yatinotaura nayo inoita kuti tinzwe sekusadiwa nekusaremekedzwa.

Kupenga kunobuda kana taramba tichidzokorodza chinhu chimwe chetecho - zvakare nakare zvichingobudisa chiiitiko chimwe chete chakaipa. Hazvishandi! Tinofanira kushandura maitiro kuti tiwane shanduko pave varume vanonzwa kuti vanoremkedzwa uye vakadzi vanonzwa kuti vanopiwa rudo.

Kuti tinzwisise izvi zvirinani, ngatitarise nyaya inotevera:

Yakanga iri vhiki yakaoma kushanda mumunda. Zuva raipisa chaizvo, kupisa kwacho kwaive kuzhinji muminda makange mune rubetsero rushomane. Van aifara kuti achazoonza mukadzi wake kumba pachinguva chipfupi chaitevera. Akange asimboripo kwemazuva gumi; yakanga iringuva refu chaizvo asina kuona mhuri yake. Paaityaira mota yake mumugwagwa aifungira kuti dai mukadzi wake azofarawo kumuona semafariro aaiita iye.

Mukadzi wake kumba akange aneta kuchengeta vana pasina rubatsiro ruzhinji, uku akatsamwa kuti vana vacho vaisamboterera. Akanga akatarisira kuuya kwemurume wake kumba. Akange amufonera zuva iroro kumurangaridza kuti auye nemukaka wemwana. Akange atadza kumbobuda nekuti zvakange zvakaoma kubuda nevana vadiki. Aiva netarisiro yokuti achakasira kusvika nekuti mwana akange avakutonetsa uku asina chokumupa chokudya.

“Ndave pamba,” akadedzera Van.

“Mazosvika!” akadero Thuy “uripi mukaka wemwana.”

“Oh,” akapindura Van “Ndaukanganwa, ndange ndine zvinhu zvakawanda zvokurangarira nhasi.”

“Ko wazviitirei izvozvo?” Thuy akanzwa izwi rake richikwira, “Zvino mwana achadyei?”

“Hauna chimwe here? Haakwanisi kudya here zvatichadya?”

“kwete, unoda kuti arware here? Anongova mwana. Dzimwe nguva unoda shamwari dzako kudarika mhuri yako. Haumbofa wakanganwa kuenda kunonwa putugadzike navo.”

“Hevo, Ndakunotenga” Van akadaidzira achibuda pamukova. Mufaro wavaiva nawo nepfungwa dzekuti vachaonana wakabva wopera, pakava nekutsamwa nekurwadziwa.

Chero maitikiro aya akasiyana nemaitikiro anoitika kudzimba dzedu kunetsana kwacho ndiko kumwe chete. Tofana kutarisa zvakadzama nezvirikutaurwa tinzwisise zvinenge zvichitika. Chatinofana kurangarira kukosha kwerudo kuvakadzi uye kuremekedzwa kuvarume. Kana vakadzi vakatanga kusafara nekutsamwa zvinoreva kuti arikunzwa seasiri kusadiwa. Kana varume vakatsamwa kana vakasatura kazhinji inyaya yekuti varikunzwa sevasiri kuremekedzwa.

Ngatitarise zvakare nyaya iyi nemuono weruremekedzo nerudo.

Van akanganwa mukaka wemwana. Iri idambudziko diki uye ndiro raita vanetsanae. Van anogona kuenda kuzvitoro ondotenga mukaka. Varume kazhinji vanotenderedzwa musoro nezvinhu zvidiki vozviita zvikuru. Chofanira kunzwisiswa naVan ndechokuti iye akanganwa mukaka zvikaitea kuti Thuy anzwe seasingadiwi. Akange akumbira chinhu chimwe uye iye aiva asipo kwamazuva. Ko sei asina kurangarira chinhu chimwe chete? Akange atomukanganwavo here? Akange akamukoshera here? Iye akapindura mukuseka. “Ko wazviitirei izvozvo?” Van haana kuzviona kuti arikunzwa seasiri kudiwa. Anoongona kusafara kwake iye onzwa kusaremekedzwa. Anobvawo atsamwa nazvo. Kwakanga kuri kukanganisa kwezvokwadi, akange asina kuzvironga kusatenga mukaka. Nekuti Van haamuudzi kuti anomuda Thuy anowedzera. “Haunei nesu. Unofarira shamwari dzako kudarika isu” Apa ari kuwedzera kurwadziwa, ave kurwisa maitiro ake. Ari kuzama kumuratidza kuti arikurwadziwa uye arikunzwa seasiri kudiwa.

**Kana vakadzi
vakatsamwa kana
kurwadziwa kazhinji
chiratidzo chokuti
varikunzwa sevasiri
kudiwa. Ukuwo varume
vakatsamwa kazhinji
inyaya yekuti varikunzwa
sevasiri kuremekedzwa**

Asivo, Van anodavira nokutsamwa obva afamba achibuda. Anonzwa kuti anoshoreka nemaitiro aThuy. Haana kumbenge azvifunga kuti Thuy angataura zvakadaro. Ko sei amupomera mhosva yekuti haana basa naye, iye

achishanda vhiki yese kuti avachengete? Anobuda nokukasika asati anotaura zvinhu zvaanozosvora pamberi kana kupfuura pakusvika kuita mhirizhonga. Vakadzi vanowanzokusanzwisisa kuti sei varume vachifamba kuenda kunze kwekutura. Vakadzi vanoda kutaura, kana vane dambudziko neshamwarikadzi dzavo, vanowanzotaurirana zvinhu zvose zvogadzirisika. Asi varume kazhinji vanosiyana nazvo vobuda panze. Zvino vakadzi vanobva vafunga kuti varume vavo havadi kugadzirisa nyaya pakati pavo kuti vawirirane zvakare. Manzwiwo avo ekuti havasi kudiwa anobva awedzera. Chisinganzwiswe nevakadzi ndechekuti varume vanobuda panze nokuti havazivi kuti vopindura kuti chii kana kuti havatozvifungiri kutivangapindura zvakanaka. Vanobuda panze nokuda vanoda kukuchengetedza uye vanokuda!

Van anosara achifunga kuti sei Thuy akudza nyaya yemukaka kudero. Chinofana kunzwisiswa naVan nevamwe varume ndechekuti mukaka handiro dambudziko, dambudziko nderekuti Thuy ange achida kuziva kuti anodiwa. Thuy anga achida kuti akumbire ruregerezo nemoyo wake wese asi nekuti Van akanzwa sekuti arwiswa uye haana kuremekedzwa akapindura nehasha. Chinotosetsa ndechekuti vose vaitarisira kuzoonana. Zvisinei hazvo, mifungo yavo yekufara manheru yakakanganiswa uye vanogona kutozoswera manheru acho vakatsamwidzana.

Vakadzi nevarume vanoona zvinhu zvakasiiyana. Kana uri mukadzi unogona kutonzwira tsitsi Thuy. Akange ari pamba mazuva gumi ari ega. Aida rubatsiro. Kana uri murume unogona kunzwira tsitsi Van. Akange akaneta, yakanga iri vhiki refu achishanada mumunda kuti mhuri yake igone kudya! Akangokanganwa mukaka chete! Seiko Thuy asingaoni kuti ange achitira zvose izvi mhuri yake!

Zvirinyore kunzwira tsitsi vanhu vakaita sesu nekuti tinonzwisisa mafungiro avo. Varume vanonzwisisa mafungiro evarume. **Asi kana tichida kuva newanano inofadza tinofana kunzwisisa mafungiro evarume nevakadzi vese.** Vakadzi vanofana kunzwisisa kuti kutsoropodza kunoonekwa sekusaremekedzwa. Varumewo vanofana kunzwisisa kuti kana vakadzi vachichemachema, nekutsoropodza kana kuchema vanenge vachinzwa sevasiri kudiwa.

Sezvazviri kuratidza izvi zvinozova kutenderera kunotosetsa. Kunyanya kusadiwa kunoita munhukadzi ndiko kuwedzera kwaanoita kutsoropodza nekuchemechemema. Kunyanyawo kutsoropodza kwaanoita murume ndiko kuwedzera kwekunzwa achishorwa nekusaremekedzwa kunoita murume otanga kumubata nenzira isiyo.

Musambo wemuchato unofadza kusaita izvi. Tinofana kufamba mukutevedzera Mwari zvisinei kuti zviri nyore here kana kuti kwete. Tichirangarira magwaro emuna VaeEfeso 5:33. Varume idai vakadzi venyu, vakadzi ityai varume venyu. Ndozvakatara naMwari.

- Vakadzi— zamai kurangarira kuti mukatsoropodza nekuchema chema varume vanonzwa sevashoorwa. Kana vakanyarara kana kutaura nekutsamwa inyaya yekuti vanenge vanzwa sevasina kuremekedzwa. Zvibhunze ” zvandichatura kana kuita zvichaonekwa sendirikuremekedza here kana kushora”
- Varume – zamai kurangarira kuti kana mukadzi akachema chema anoita izvo nokuti arikunzwa sevasiri kudiwa zvakanakwana. Kana ukanyarara kana kutaura nehasha unoita kuti mukadzi awedzere kunzwa seasingadiwi. Usati wataura kana kuita chipi zvacho zvibvune” zvandichatura zvichatorwa sekunge zvine rudo here kana zvisina.”

Chidzidzo chechpiri: Ngationei musiyano yedu

1. Pane chidzidzo chimwe nechimwe tara pamutsetse na"X" paunofarira
2. Pane chidzidzi chimwe nechimwe tara pamutsetse na"O" panofarirwa noumwe wako.

Kusabvumirana		
Kuzvigadzirisa nokukasika	_____	Chengetedza ruranyararo
Mari		
Shandisa	_____	Chengetedza/Unganidza
Vanhu		
Pedza nguva nevamwe	_____	Pedza nguva wegae
Ronga		
Ronga ugotevedzera urogwa	_____	Ita chero zvazvaita
Kugona kubata nguva		
Svika zvakanaka	_____	Svika nenguva kana kunonoka
Zorora		
Buda panze	_____	Gara mumba
Rara		
Enda undorara	_____	Kasira kumuka
Mitambo		
Enthusiast	_____	Haunei nazvo/kushaya hanya nazvo
Zvipfeko/nhumbi		
Zvemuhofisi	_____	Zvomucheno
Utsanana		
Utsanana	_____	Utsvina
T.V./Chivhitivhiti		
Siya yakabaka	_____	Rasa panze

Ndeipi imwe misiyano inoita munetsane pakuwirirana kwenyu?

3. Ratidzanai zvamaisa pabepa mutaurirana:
- a. Manzwisisa here zvinodiwa neumwe wako? Pane zvakushamisa here?
 - b. Munogara muchiwana mhinduro dzakafanana here neumwe wako pamibvunzo iyi?
 - c. Ndedzipi nzvimbo dzamunonyanya kubvumirana?
 - d. Ndedzipi nzvimbo dzamanyanya kusiyana?
 - e. Ndechipi chidzidzo chinoita munetsane mukuwanana kwenyu?
 - f. Taurai zvamungaita kugadzirisa nzvimbo idzi.
 - g. Ungashandisa sei zvinogonekwa neumwe wako kuti kuwirirna kuenderere mberi?

Kana musina kuroorana kwenguva refu, zvino zvingangodaro hamuna misiyano mizhinji. Pane kuti uzame kushandura umwe wako tsvaga zvaanokwanisa umubatsire paasinganyatsi kugona.

4. Gadzirai nzira yekugadzirisa pamakasiyana. Sarudzai zvinhu zviviri zvamakasiyana monyora nzira yekuti mogadzirisa sei.

Muenzaniso 1 –Mari

Kana umwe wako achifarira kudya mari iwe uchifarira kuchengeta , gadzirai nzira yokudya mari uye yekuchengetedza mari. Munogona kubvumira muwando wemari, ukuwo umwe wako achiwana mari vhiki yega yega kana mwedzi yokudya pazvinodikanwa mumhuri zvichienderana nezvamatenderana.

Muenzaniso 2 – Kuzorora

Kana nzira yako yokuzorora kuva pamba umwe wako achifarira kubuda panze zvino bvumiranai nzira yokuti mese mugofara nayo. Munogona kubvumirana kubuda mese umwe usiku kamwe pavhiki mogara kumba , mobvumirana nzira yokut mose mufare. Kan kubvumirana kuti kamwe kana kaviri pavhiki umwe wako anobuda hake umwewo usiku iwe wozorora uripamba.

Nzira Yedu:

1.

2.

Chidzidzo 2: Kugadzirisa Kusabvumirana

Verenga gwaro rimwe nerimwe. Pagwaro rega rega, nyora zvakakosha pamusoro pekugadzirisa kusabvumirana.

Gwaro	Zvakakosha
Mateo 7:3-5	
Mateo18:15	
Zvirevo 15:1	
Vakorose 4:6	
Vafiripi 2:3	
Vaefeso4:26	
Zvirevo 19:11	

Chidzidzo 3: Kuona zvinotirwadzisa

“Naizvozvzo kana iwe uchivza nechipa chako paaritari, uende umbondoyanana nehama yako, ugozouya woisa chipa chako. Usiye chipa chako ipapo pamberi paaritari, uende umbondoyanan nehama yako, ugozouya woisa chipa chako.” Mateo 5:23-24

Kuzvitsoropodza chimiro

Kumbira Mwari akuratidze kana pane nzira dzawakamborwadzisa umwe wako. (Kana usina kuroorwa, funga shamwari yedyo kana hama.) Funga nzvimbo dzinotevera uzvinyore pasi mumufungo wako:

- Pane here chawakatadza kuita chaunofanira kuita
- Pane here zvaunoita zvausingafaniri kuitao?
- Pane here pawakatadza kuitira umwe wako zvaanofanira kuitirwa?
- Wakambotaura here mashoko anorwadza?
- Wakatadza here kuratidza rudo nekukuridzira?

“Kana hama yako yakutadzira, enda umuvudze mhosva yake, iwe naiye muri moga; kana akakunzwa, wadzora hama yako.” Mateo 18:15

Kuzvitsoropodza

Pane nzira here dzawakamborwadziwa nadzo neumwe wako? Chinogona kuva chinhu chozivikanwa neumwe wako kuti chinokurwadza.

Kunyorera

Namata uzvipire kutaurirana zvinhu izvi neumwe wako vhiki rino.

Chidzidzo 3: Matanho ekukumbira ruregerero

Matanho okukumbira ruregerero nokudzoreredza wirirano kana mamborwadzisana:

1. **Pupura kuna Mwari** – Kana tikarwadzisana tinenge takangisa nekuna Mwar. Tinofanira kudzokera kuna Mwari tinomukumbira ruregerero panezvamutadzira. Kugamuchira ruregerero rwaMwari kunotipa moyo wakapfava wokupupura nokukumbira ruregerero kune vamwe.
2. **Pupura kune umwe wako**, usingazvinatsi- kazhinji topupura tichitsanangura kutinsei takaita zvatakaita. Asi izvi zvinoita kuti umwe wedu aneteske kutiregerera.

Muenzaniso 1

Kupomera: Ndoziva ndakakutsoropodza pamberi peshamwari dzako zurio, asi handaizodaro dai wanga usina kuti tinonoke naawa rimwe chete.

Zvakanaka: Ndakakurwadzisa nokukutsoropodza pamberi peshamwari dzako zuro, zvainge zvisina kundifanira.

Muenzaniso 2

Kupomera: Ndoziva ndange ndakatsamwa uye ndikakuitira hashazuro usiku asi unofana kuziva kuti mai vako vange vachinditsoropodza mazuvano uye ndakneta nebasa.

Zvakanaka: Zvange zvisinakunaka kuti handina kukubata zvakanaka zuro usiku. Ndiregerero nekukurwadzisa kwandakaita.

Tarisa mienzaniso yose iyi ukoipikisana. Ndeipi nzira yaungaregereya nayo?

3. **Kumbira ruregerero** – nyatsa kutsanangura zvaurekukumbira ruregerero uye donongodza kuti zvemazvokwadi unri kukumbira ruregerero. Taura zvingangoda kuita seizvi “Ndiregererewo pane zvandakaita” kana “Ndinonzwa kunyara nemabatiro andakakuita”
4. **Kumbira kuregererwa** – Tinofana kuziva kuti tinoda kuregererwa. Zvinogona kuva izvo kuti umwe wedu haakwanisi kutiregerera ipapo ipapo zvino tinofana kuva nemoyo murefu. Namata kunaMwari kuti umwe wako agone kukuregerera. Usamumanikidzira kutura kuti akuregerera.
5. **Shandura maitiro** – Hazvina kukwana kupupura chete nekukumbira ruregerero kana tisina mufungo wekushandura zviito zvedu. Imwe nzira yokudzoreredza kuwirirana ndeyekuva muzvokwadi kuti unoda kushandura maitiro. Izvi ngazviitwe nepose paunogona napo uye uzme kusazvoidzokorora zvakare.
6. **Gamuchira muripo** – Munhu anogona kuda nguva kuti akuregerere. Unofanira kuva nemoyo murefu uye kukumbira Mwari kuti avabatsire kukuregerera. Kumwe kurwadzisana kunouraya kuvimbana mukuwirirana. Unofanira kuziva kuti umwe wako anogona kusavimba newe sezvaaita kare nokukasira. Uyu muripo wemabasa ako. Kukumbira ruregerero hakuiti zvinhu zvese zvitsva ipapo ipapo. Dzimwe unofana kugara nemuripo wemabasa ako. Zvinotora nguva kuti kurwadziswa kuende kure .

Chidzidzo 4: Matanho okuregerera

Kana kurwadziswa kwawakasangana nako kwange kuri kudiki, zvino zvingava nyore kufamba nematanho aya. Kana kurwadziswa kwakange kwakanyanya, izvi zvinogona kutora nguva.

1. Tambira kuti zvawakaitirwa hazvina kufanira
2. Bvuma kutsamwa uye chidokwadokwa chokurwadzisavo
3. Kumbira kuna Mwari kuti akubatsire kuregerera
4. Sarudza kusatsiva
5. Siya chido chokuda kukuvadza umwe wako
6. Siira Mwari basa rokutongera
7. Kumbira Mwari abvise kurwadziwa noruvengo
8. Kumbira Mwari upore marwadzo uye zvose zvakakonzerwa nokusbatwa zvakanaka

Mumapoka maduku tauriranai

- Ndeapi matanho okuregerera akanyanya kukuomera?
- Ndezvipi zvingabatsira kuti zvive nani?

Kudzidzira matanho okuregerera

Ndechipi chinhu chimwe chete chaunofanira kuregerera umwe wako?

Kana pasina chawafunga, zvino funga umwewo munhu akambokubata zvisirizvo. Kana pasinazve zvabuda mumifungo, zvino namata unyerere kune avo varikuzama kuita izvi.

Vhara maziso uteerere uye ufunge panoverengwa danho rimwe nerimwe.

Chidzidzo 5: Mitauro mishanu yerudo

Mitauro yakasiyana mishanu yerudo

Vanhu vakasiyana uye vanotambira rudo zvakasiyana. Kana tikaratidza rudo nenzira isingagamuchirwi neumwe wedu, zvino zvinoita sokuti tave kutaura umwe mutauro kwavari uye havazonzwi seviri kudiwa. Kana tichida kutaura neumwe edu, tinofanira kutaura mutauro wavo. Izvi zvinofanana nerudo, tinofana kudzidza mutauro werudo weumwe wedu kuitira kuti tivade nenzira yavanoda.

Kune mitauro yerudo mishanu yakasiyana. Verenga umwe noumwe ubve wafunga miviri kusvika mina yenzira dzaungaita izvi muwanano mako.

1. **Kubatsirana** – Vamwe vanhu vanonzwa sevadiwa kana tikavaitira zvinhu. Izvi zvinogona kuva zvinhu zvidiki sekutsvaira mumba, kusuka ndiro, kudzura mapundo.
2. **Kutsinidzira mashoko** – Vamwe vanhu vanzwa kudiwa kana tikatuara zvinhu zvinetarisiro kwavari. Izvi zvinogona kuva sekurumbidza saizvi, “unobika zvakanak” kana “Une bvudzi rakanaka kana” uri mai vakuru”. Anogona kuva mashoko okutenda “Ndinotends nekutibikira kudywa kwemheru” “Ndatenda nokushandira mhuri nesimba”
3. **Zvipo** – Vamwe vanhu vanonzwa ssevadiwa kana tikavapa zvipo. Zvipo hazvifaniri kuva zvinodhura chete kana kuti zvinoda mari chete. Zvinogona kuva zvinhu zvakaite seruva rawatora munzira uchienda kumba, kana mashoko etsamba anofadza moyo.
4. **Kubatwwa** – Vamwe vanhu vanoda rudo kuburikidza nokubatwa. Izvi zvinosangansira kubatana maoko, kumbundirana, kana kupuruzira vhudzi.
5. **Kupedza nguva muri mese** – Vamwe vanhu vanoda kudiwa kuburikidzwa nekupedza nguva yakanaka tinavo. Izvi hazvirevi kunge muri muimba imwe chete. Zvinoreva kuti tozvipira nguva yekupanana. Mudzimba dzedu, tinogona kufamba tose kana kutaura nezvemazuva edu .

Unogona kuona kuti umwe wako anoda kudiwa nenzira imwe chete zvakananyanya kudarika dzimwe. Umwe noumwe munhu ane zvaanoda. Zama kuona kuti ndeipi nzira yokupa nayo umwe wako rudo inomufadza.

Chidzidzo 6: Vakadzi neVasikana

Verenga umwe noumwe mutsara mutaurirane kana muchibvumirana kana kuasabvumirana.

Mutsara	Unobvumirana nazvo here kana kwete uye nemhaka yei?
"Vasikana mitoro kumhuri dzavo."	
"Vakadzi havafani kuva neminda kana kupihwa mugove."	
"Zvakanaka kurova mukadzi kana asingateereri."	
"Vkadzi vanofana kuonekwa kwete kunzwikwa."	

Ndeipi imwe mitauro kuchivanhu chako unotaridza kusiyana kwezvinotarisirwa pakati pevasikana nevakoman? Unobvumirana nazvo here?

Verenga Mavambo 1:27-28.

Gwaro ii rinofana kutiratidza kuti vakadzi nevarume vose vakasikwa nemufanidzo waMwari.

Nyora zvinhu zvinoratidza kuti vakadzi navasikana vanotiratidza mufanidzo waMwari.

Chii chinoitika kana mukadzi akasatevedera mitemo nezvinotarisirwa patsika namagariro?

Kovanhu vemhuri yake vanozvitora sei (murume, vabereki, vekwaakaroowa)?

Chidzidzo 6: Tsika nenzira dzaJesu

Nhasi tichatarisa maonerwo aitwa vakadzi nguva yaJesu uye kuti Jesu aivabata sei. Jesu akaunza musiyano munzira dzake uye isu togonavo kuunza musiyano mutsika dzedu. Verenga izvi mumapoka maduku mutaurirane mibvunzo iri papegi inotevers.

Nzira dzaJesu:

Mitemo yvaJuda navaRoma dzaipa uremu hushoma kumadzimai. Vakadzi vaioneka sevakashoreka kuvarume.

- **Vakadzi vaibatwa semidziyo.** Vaive vasina kuzvimirira. Vaigona kuva vari vekuimba yababa vavo kana yekumurme wavo. Varume vechiJuda vairambidzwa kutaura nevakadzi munzira. Uvepo hwavompazvitiko hwaive husina maturo.
- **Vakadzi vaiva vasinganamati Mwari zvakasununguka.** Vaingobvumirwa kuenda “kumatare evakadzi” mutembere. Vairambidzwa kunzwa shokoraMwari vomene uye kusika pane zvimwe zvitanho zvokunamata.
- **Vakadzi vabviswa pane zvokudzidza.** Sezvo dzidzo yayitirwa mudzimba dzokunamatira, vasikana vaisabvumirwa kdzidza.
- **Vakadzi vaive vasina kodzero .** TVaive vasingakwanisi kuva neminda, kupihwa migove kana kurambana nevarume vavo. Vakadzi vaiva vasingabvumirwi kukupura mumatare edzimhosva kunze kwekuti paita murume anobvumirana navo.

Munguva yaJesu vakadzi vaiwonekwa sevahu vasina kuvimbika, vasingagoni uye vasinganamati chaivo.

Nzira dzaJesu

Maitiro ajesu mairirano nekubatwa kwevanhukadzi aisabvumirwana nawo nevazhinji. Aibata vanhurume nevanhukadzi noruremekedzo rumwe chete. Vakadzi munguva yajeso vakange vasati vamboona mnhu akaita saJesu.





- **Jesu aibata vakadzi neruremekedzo norukudzo.** Aitaura nevakadzi pavanhu. Jesu kataura nemukadzi muSamaria aiva mutorwa uye “aitadza “ (Johani 4:7). Akataura nomukadzi akabatwa chiita ufeve (Johani 8:1-11). Jesu katanga mharidzo yake sokutaura kwaamai vake (Johani21-11).
- **Jesu akaparidzira vakadzi akavabata sevanhu.** Jesu akaparidzira vakadzi sevanhu vakafanana nevarume. Haana kutevedzera mitemoyakapiwa Mhozi yaiti haungabati mukadzi achibuda ropa (Mako 5:25-34). Akaporesa mukadzi akange ari chirema kwemakore gumi nemasere akazadzwa nemweya wetsvina akamudaidza “mwanasikana waAbhurahama” (Ruka 13:10-17). Akabatsira mukadzi wechi Canaanite (Mateo 15:22-28).
- **Akadzidzisa vanhukadzi .** Akatora mibvunzo yavo seyakakosha. Jesu akaudza chiporofiti chakakosha kuvakadzi nevarume. Jesu akadzidza Mary, sisivaMartha (Ruka 10: 38-42). Vakadzi ndivo vakatanga kuona mambo abva kuvakafa vakaudzwa kuti vandoudza vateveri vaJesu (Johani 20:1-18). Vakadzi vazhinji vakafamba naJesu uye vakamutsigira mukuparidza kwake (Ruka 8:1-3) apo aidzidzisa vatevedzeri vake nevanhu vazhinji.

Mibvunzo yokutaurirana:

1. Ungatsanangura sei mabatirwo aiita vakadzi munguva yaJesu?
2. Jesu kabata vakadzi zvakafanana netsika nemagariro ake here?
3. Pne musiyano here pakati pemabatirwo anoitwa vakadzi mutsik nemagarro ako nemutsika nemagariro aJesu?
4. Ndzeipi imwe musiyano yemabatirwo iitwa vakdzi mutsika nemagariro aJesu nematiro akazoitwa naJesu?
5. Unofunga kuti vakadzi vakanzwa sei pavakabatwa saizvi naJesu?
6. Ndedzipi dzimwe mienzaniso mumakereke edu zvinobudisa tsika nemagariro edu kudarika maitiro aJesu?

Chidzidzo 6: Nharaunda yedu

Tauriranai panzimbo yega yega mozadzisa nematambudziko munharaunda yenyu mairano nokubatwa kwasikana navakadzi uye mova neznira imwe kana mbiri yezvingaitwa kubata vakadzi neruremekedzo.

Nzvimbo	Kusabatwa zvakanaka nokusiyaniswa	Zvatingaita (1-2pfungwa panzvimbo yoga yoga)
 <p>Mhuri</p>		
 <p>Kereke</p>		
 <p>Chikoro</p>		
 <p>Nharaunda</p>		

- Ndezvipi zvinhu zviviri zvungaita pamba penyu kukudza mudzimai wako, vanasika?
- WNdezvipi zvinhu zviviri zvaungaita munharaunda kukudza vanasikana nevakadzi?

Udzanai zvamoda kuzoita. Namatiranai uye mukumbire Mwari akubatsirei kuita izvi.

Chidzidzo7: Kubatsira Vana Kukura

“Rovedza mwana nzira yaanofana kufamba nayo, ipapo kunyangwe akwegura haangatsauki pairi”.

Zvirevo 22:6

Kukura Mumweya

“Zvino mashoko aya andinokurairai nhasi Anofanira kuva mumoyo mako, unofanira kushingaira Kuadzidzisa vana vako, nokuataura kana ugere mumba mako Kana uchifamba munzira, kana uchivata pasi, kana uchimuka

1. Kunamata semhuri kana kuverenga Bhaibheri

Zma kutsvaga nguva zuva nezuva kuverenga Bhaibheri uye kuudza vana nyaya dzemubhaibheri. Vabatsire kunzwisisa nyaya dzacho. Ukangopedza nyaya vabvunze mibvunzo, bvunza mibvunzo seyekuti: Tinodzidzei kubva kuna Mwari kubva munyaya iyi? Tinodzidza chii pamaitiro edu munyaya iyi?

2. Kunamata nevana vedu

Tinofana kuzvipa nguva yekunamata nevana. Sarudza nguva yamunenge musina zvamurikuita. Zama kuti uterere vana vako uye unamate navo. Kana vari vadiki vanogona kukuudza chekunamatira iwe wobva waisa munamoto mudiki. Vabatsire kuona mhinduro dzaMwari mumunamoto.

3. Kupedza nguva nevana vedu

Taura nezvaMwari nguva dzose kana une vana vako. Vadzidzise nezvaMwari. Kana ukabuda panze unogona kumuudza kuti Mwari anotida chaizvo zvokuti akatipa miti kuti tiwane pokugara, matanda, chikafu uye kuti nyika inake. Taura kuti pasi reses nderaMwari uye takapiwa basa rokuichengetedza. Gara uchitsvaga nzira dzokuti vana vako vaone Mwari.

Kukura mumifungo

“Mwanakomana wangu, inzwa kuraira kwababa vako ; usarasha kudzidzisa kwamai vako .” Zvirevo 1:8

1. Dzidzisa vana vadiki kumba

Zama kutsanangura zvinhu vachiri vadiki vane chidokwadokwa chokuda kuziva. Vadzidzise ABC’s, manhamba, ruravara uye mashepi (Triangle, square, denderedzwa, nezvimwewo.) Pavana vadiki rega vasarudze pakati pezviviri kana zvisina basa. Smuenzaniso , “nhasi unoda kupfeka nhumbi tsvuku here kana chena?” Tora nguva yako kupindura mibvunzo yavo!

2. Endesa vana kuchikoro

Dzimwe nguva tofana kuzvipira kuendesa vana kuchikoro, asi izvi zvakakosha kumubereki. Kuburikidza nekudzidza tinogona kupa vana vedu mikana kana vakura.Hatizivi urongwa hwaMwari pamusoro pevana vedu, asi tofana kuva nechokwadi kuti vazame zvese. Mwari anogona kusarudza mwana wako kuti ashandure munzvimbo mako. Kazhinji, vanoda fundo kuti vakwanise kuita izvi.Kuzvipira kwako nhasi, kunogona kuti vana vako vaenderere mberi nefundo vagozokubetsera ramangwana. Kuwedzera kusimbisa ukama pakati naMwari, fundo yakakosha kubatsira kurerutsa upenyu. Unofana kuva neidi kuti wapa vana vako zvose.

Kukura Mukudyidzana

“musingaiti chinhu nenharo, kana nokuzvikudza, asi mumwe Nomumwe ngati nomoyo unozvininipisa, vamwe vanomupfuura iye pakunaka.” Vafiripi 2:3

1. Dzidzisa vana kuti Mwari anoda kuti vawirirane sei nevamwe.

Verenga gwaro rimwe nerimwe. Ndezvipi zvatinodzidza mumagwaro aya zvakakosha kudzidzisa vana vedu?

- Vafiripi 2:3
- Vakorosi 3:13, 15
- Mateo 5:44
- 1 Vakorinde 13:4-5
- Mateo 7:12

Bhaibheri rinotidzidzisa kuti zvakakosherei kuchengetedza ruranyararo pakati pedu, tichida vanhu vese, tine moyo murefu, nomoyo munyoro, nokuregerera uye kubata vamwe semabatiwo atingadawo. Zvakakosha kutaura izvi vana vedu vachiri vadiki uye vachikura kuitira wirirno dzavo dzive dzakasanangurwa.

2. Iva muenzaniso. Vana vanodzidza kuburikidza nokuona vamwe, kunyanya nyanya vabereki vavo. Vadyidzanisiro aunoita nevamwe mazuva ose muenzaniso kuvana vako.

Tarisa kuti unodyidzana nevamwe sei uye Mwari anoda kuti udyidzane nevawe sezvazvinodzidziswa mubhaibheri.

- Ndedzipi nzira dzauri muenzaniso wakanaka kuvana vako?
- Ndeipi nzvimbo yaungada kuva muenzaniso wakanaka kupfurikidza nerubatsiro rwaMwari?

3. Batsira vana vako kutarisana namatambudzikokana auya.

Nguva zhinji, vana havakuudzi matambudziko avari kusangana nawo nevamwe vanhu, asi vanogona kutanga kuita maitiro avasingasiiti. Unogona kuona kuwedzera kutsamwa, kuita mhirizhonga kana kunyararisa. Izvi zviratidzozvinogona kuva nematambudziko kune vamwe vanhu. Vana vanoda kukurudzirwa nekutsigirwa kutivataure nezvaizvi uye kuti vadyidzane nevamwe zvakanaka kana varwadziswa. Regai vataure kuti chii chaitik, uye vanonzwa sei nekuti vazvigadzirisa sei. Izvi zvakakoshera vana vechidiki kuti vavimbe newe muneizvi .

- Ndedzipi dzimwe dzenzira dzaungabatsira nadzo vana vako kuti vafungire vamwe zvakanaka uye vavabate nerudo nomoyo minyoro?

Kudyidzana kwedu nevamwe kwakakosha. Kuzvifunga kunowanikwa asi hakufadzi Mwari. Tinoda kudzidzisa vana vedu kuti vafunge vamwe muzvakanaka. Izvi zvino zvinoda kudzidziswa vana.

Kukura panyama

- Ndedzipi dzimwe nzira dzatingabatsira nadzo vana vedu kuti vakure mukusimba?

Izvi zvinhu zvose zvinobatsira vana vedu kukura vane utano. Chimwe chechinhu chakakosha chatinofanira kuita kubatsira vana vedu kukura vane hutano kuvapa chikafu chinokudya kwakakwana mazuva ose. Kuti pfungwa dzavo dzikure zvakanaka, tinofana kuti vana vedu vadye zvineutano.

Mutemo we 1+3 :

- Chimwe(1) inomirira mupunga kana chimwe chokudya chenyika(staple) . Tinodya mupunga kana chimwe zura roga roga nechimwewo kubva mumapoka matatu aya.
- 3 inomirira mapoka matatu ezvokudya zvamazuva ose zvinoti:
 - Boka 1 – Protein (inovaka muviri) kunge mazai, mukaka, bhinzi, hove, uye nyama .
 - Boka 2 – Michero nomuriwo (izvi zvakazara namaVitamins nokumwe kudya kwakosha).
 - Boka 3 – mafuta/Oils and Fats (mashomanene ndiwo anodiwa).

Kuzvitsoropodza

- Ndezvipi zvaurikuita zvakanaka kubatsira vana vako kuti vakure zvakanaka?
- Ndedzipi nzvimbo dzaunofana kutarisisa?
- Ndeipi mifungo mitsva yawana kubva pachidzidzo ichi yokubatsira vana kuti vakure zvakanaka?

Chidzidzo 8: Nzira dzokudaira Vana

“Hnaidi mwana mutsva! Akashata!!”

“Mudzidzisi vangu vanopenga!”

“Andirova! Handichatambi naye zvakare!”

Ndezvipi zvingadairwa nomubereki anemwana anemakore manomwe pane zvanyorwa pamusoro?

Pane nzira zhinji dzokudaira mwana aita muitiro usakafanira. Nguva zhinji hatifungi tisati tadavira vana vedu. Naizvozvo, hatizami kubatsira vana kunzwisisa manzwiro avo. As tinowanzoita zvinotevera:

Kuramba: ‘Aaah. Hazvingavi zvakashata kusvika ipapo.’ ‘Haurevesi.’

Kungodavirawo: ‘Hapa chaunokwanisa kuzviita- rega kuchema chema.’ ‘Haiwawo usapenga! Unoziva unofana kuenda kuchikoro.’ ‘Kana uchida basa rakanak enda kuchikoro.’

Kuraira: ‘Unofana kushanda nesimba kuti uchengetedze ushamwari kana kuti uchasara usina shamwari.’ ‘Unofana kudzidza kuzvirwira.’

Kutongera: ‘Zvinhu zvakashatisa kwazvo kutaura!’ ‘Unenge une chawamuita.’

Mibvunzo: ‘Waitei?’ ‘Unotaurirei zvakashata kudaro?’

Kurwira umwe: ‘Musikana akanaka chaizvo.’ ‘Ndinoziva ange asingarevesi.’

Kuzvitsoropodza:

Unofunga kuti mwana wako angatii kumienzaniso yose yapihwa?

Unofunga kuti ungava nemhinduro setsataurirwarana here?

Chidzidzo 8: Mitemo yokuteerera

Kuterera zvakadzama

Kuteerera zvakadzama kunoita kuti mwana agadzirise manzwiro ake nenzira kwayo kwete yakashata. Kunobatsira kuti adzidze kugadzirisa matambudziko uye kunovapa fundo kuti vakure muzvakanaka. Zvinoita kuti vanwe zvakanaka pamusoro pavo uye vaite zvakanaka. Ndechimwe chezvinhu zvakanakosha chekukudza vana.

Tikazama kukurudzira mwana kuti asiye manzwiro ake asiwo kazhinji anowedzera kutsamwa. Vana vanozvidzidzisa kuzvidzora nekuzviwanira mhinduro kana tikavateerera zvakadzama uye tidzidzire izvi:

Magwaro okuteerera nokupindura manzwiro evana

Kuti titerere vana vedu zvakadzama, tinofana kuita zvinu zvitatu zvinotevera:

1. Teerera nemoyo wese:

- Zvinova nyore kumwana kana ukaratidza kuti wakaisa moyo wako wose. Semuenzaniso, kuisa bepa rako pasi wotarisa mwana, kutarisa kwakagara mwana, kubuda muimba yokubikira wogara.
- Zvinonetsa vana kuti varwisane nemamwe manzwiro vega. Kana pakashaya anovabatsira kazhinji zvinowedzera zvozobuda nenzira yakashata.

2. Wona manzwiro avo:

- Shandisa mashoko akaita sokuti: *'Oh' kana 'Mmm' kana 'Wow' kana 'hevo' kana 'ndanwisisa'*
- Shandisa masaini sokugutsirira musoro, kutarisa mumaziso, kuratidza manzwiro pachiso
- Usaita kuti vanzwe kunyara nomanzwiro avo. Kuvana, tofana kunzwisisa manzwiro avo uye tovabatsiraa kusti vasaita zvakashata.

3. Vabatsire kunzwisisa manzwiro avo:

- Vabatsire nokushandisa mazwi kutsanagura kuti maitiro avo anoratidzei. Somuenzaniso, *"Ndofunga zvakanadzisa"*.
- Vana kazhinjihavagoni kutaura manzwiro avo. Ukavaitira izvi vanonzwa kuti wavanzwisisa nokuvagumchira. Vanowanzonzwa kudzorwa pamoyo nokugadzikana muhana. Usashushikana kana ukasazvikwanisa. Mwana wako anokuudza kana usina kunzwisisa.

Ndeipi imwe yemuenzaniso ye "manzwiro" inonzwikwa nevana?

Chidzidzo 9: Kutaurirana kwakanaka

Magwaro akakosha

- Vakorosi 3:21 na Vaefeso 6:4
Bhaibheri rinotiudza kuti hatifaniri kuita kuti vana vedu vatsamwe kana kusakurudzirika.
- Zvirevo 12:18
Gwaro iri rinotirangaridza kuti tinofana kusarudza mazwi anopodza kwete anorwadzisa kana kudzimba.

Mashoko anorwadza

Mashoko anorwadza mashoko atinotaura orwadza umwe munhu. Kazhinji, hatizvirongi kurwadzisa umwe. Kazhinji zvinotaurwa kukurudzira mwana asi opedzsisira arwadziwa. Kunze kwekuti mwana ashanduke maitiro mwana anotenda zvaanza obva arasa tariro oregedza kuzama kuti aite nani .

Mashoko mazhinji anorwadza anokwana mumapoka aya:

- **Mashoko ataurwa mukutsamwa**
 - Kazhinji, hatirevi zvataura sokuti “Dai usina kumbobvira wazvarwa!”
- **Zvinodaizwa vana**
 - Kana vana vaita zvatisingadi tinowanzotaura zvinhu pamusoro pemwana kwete zvaaita sokuti “Uri dofo.” kana “Hauna njere”
- **Kuenzanisa**
 - Zviri nyore kuenzanisa mwana nemadzikoma kae nana sisi vake “Ndinoshuvira kuti dai wakaita samukoma wako.” kana “Haana kungwara sasisi vake.”
- **Kushopera/kufungidzira**
 - Dzimwe nguva tinoudza vana zvichaitika mberi sokut “Haumbofe wakawna basa.” kana “Wakangofanana nasekuru vako. Uchaita savo.”
- **Kutaura zvakashata kune vamwe**
 - Dzimwe nguva totaura zvakashata pamusoro pevana vedu kune vamwe ivo vachitinzwa “Mwana wangu akafoira bvunzo dzake zvakare. Haazami zvakakwa.” kana “Ndiye mwana wangu. Haanzwi!”

Kazhinji mashoko anorwadza anoita zvatisingadi pamusoro pouopenyu hwnavedu. Somuenzaniso, tinoda kuona vana vedu vachishanda nesimba asi kunzwa mashoko aya kunoita kuti vafunge kuti havana chavanokwanaisa vorega kuzama. Mashoko anorwadza anomisa vn kuva chimirochvakasikwa nacho naMwari .

Nzira dzokutaura mashoko anovaka

1. **Tsanangura kumwana kuti chokwadi ndechipi, nokukasira kana watura zvisizvo.**
Chero zwataura usinagrevesi. Izvi zvinodzivisa kusanzwisana kwenguva refu.
2. **Kumbira ruregerero utaure zvinovaka wapedza kushandisa mashoko anorwadza mukutsamwa.**
Izvi zvinopa mwana chipimo chokutevedzera kukumbira ruregerero. Zvinogona kumupawo mukana wokukumbira ruregerero kana zvichiita kuti ange ambokutsamwisa sei. Vana vanokuremekedza zvakananyanya kana ukakumbira ruregerero uye vanokurudzirwa newe.
3. **Tsanangura maitiro anokjtsamwisa pane kupa mwana mazita.**
Kutaura kuti “Zvanga zviri zvihu zvisina maturo kuita!” zvinoshanda kudarika kutaura zvinorwadza sokuti, “Hauna maturo!”
4. **Usamboenzanisa vana vako.**
Kuvaenzanisa kunoitika kuti vanzwe kusazvifarira uye kukuvenga. Zvinoita kuti vana vanetsekane kuwirirana.
5. **Taura mashoko anovaka chete kana zvichibvira .**
6. **Usazivisa vanhu mwana wako kokutanga nemaitiro ake akashata.**

Kupa mashoko anovaka

Pane kushandisa mashoko anorwadza tsvaga nzira dzokukurudzira vana vako. Funga zvinhu zvishanu zvaungaita kukurudzira vana vako. Kunyatsodonongodza kwaunoita kurinani:

Sokuti: “Ndinotenda kundibatsira kwaunoita kubika wadzoka kuchikoro. Zvinofadza kuva newe uye zvinoita basa rangu rive nani.” (Izvi zvirinani pane kungoti “uri mwanasikana akanaka.”)

Chidzidzo 10: Kuranga mwana

Verenga Zvirevo 29:17 na13:24.

Mazano okuranga kunoshanda

Kuranga zvinoreva kudzoreredza nokugadzirisa mwana kuti afambe munzira dzaMwari. Kuranga hazvingorevi kurova chete/panichimendi. Pane nzira zhinji dzokuranga mwana. Kuranga kwakanaka kana kuchitwa murudo uuye mazuva ose.

Tinoranga vana vedu nokuti tinovada uye toda kuti vadzidze nzira dzaMwari, vaite sarudzo dzakanaka uye vabate vamwe zvakanaka. Dzimwe nguva marangiro atinoita vana haashandi nokuti anokonzera kusateerera, kutsamwa, kunyara, kutya uye kusazvida. Zvakakosha kuti tinzwisise zvatingaita kuranga vana vedu kuti varame sezvinodiwa naMwari uye vagarisane nevamwe zvakanaka.

1. Tiite kuti vana vazive kuti tinovada kana tichivaranga

- Haufaniri kuranga mwana wako kana wakatsamwa. Izvi zvinodzidzisa mwana kurova kana kupopota kana akatsamwa. Kana wakatsamwa zama kudzora moyo wako wozogarisana pasi nomwana mogadzirisa.
- Unofana kuvarangidza kuti kurangwa ndekwekuvadzidzisa magariro akanaka. Tsanangura kuti ibasa rako somubereki uye univada ndoska uchivarsanga.
- Kana wapedza kuranga mwana, zvakanakosha kumuudza kuti unomuda. Unogonawo kutaura mashoko anokurudzira. Kana tapedza kuranga mwana, zvakanakosha kumuudza kuti tinomuda zvakanaka. Unogonawo kukurudzira mwana wako saizvi, “Ndinovimba uchasarudza zvakanaka kumberi” kana “Ndinovimba uchadzidza kuva nomoyo munyoro kuna mukoma wako”. Rudo runokurudzira kudarika kutyisidzira. Izvi zvinoitawo kuti mwana agadzikane achiziva kuti achiri kudiwa.

2. Gara uchiranga mwana

- Tikabvumira mwana kuita chinhu chimwe tozomuranga rwendo rwunotevera, vana vacho vanoshushikana votadza kuziva zvakanaka nezvakaipa. Vanenge vakutya kuti vangaita zvisizvo netsaona.
- Tikagara tichiranga vana vedu vanozoziva zvakanaka nezvakaipa. Vanonzwa kuti vakachengetedzeka nokuti tinovada.

3. Mwana anofana kuziva paakanganisa.

- Bvunza mwana kana achiziva zvaakanganisa. Kana asingaivi natsomutsanagurira.
- Usaranga mwana usina kumuudza mhosva yake.

4. Tsanangura zvaunotarisa kuti aite.

- Dzimwe nguva vana havazivi zvavanotarisiwa. Udza vana vako pokugumira.
- Natsa kuziva kuti mwana wako anzwisisa zvaunoda kuti aite.

5. Nzira yokuranga nayo mwana inofana kusiyana zvichienederana nezera remwana.

- Vana vanemakoro maviri kusvika pagumi (2-10) vanogona kugadziriswa nokutariswa, kana kurohwa kana kuvagarisa pakona pemba kwenguva inoenderana.
- Vana vati kure (11-18) vanodavira kupera kweumwana uye kuti vave vakuzvitira zvimwe zvinhu.

6. TUremu hweurango hunofanira kuenderana nezvatadzwa.

- Kana zvaitwa zvacho zviri zvikuru, chirango chinofanawo kukura. Kana mhosva iri kudku murango unofanavo kuva muduku.
- Hazvina kunaka kutorera mwana mufaro wemwedzi wose apara kamhosva kaduku. Zvinenge zvakanaka kumuranga kwezuva rimwe chete, asi kana akaramba achidzokorodza wowedzera murango.

7. Teverera murango

- Kuita zvawataura kunogona kunetsa ipapo, asi zvinopaudzamu uye zvinounza kuremekedzwa. Zvinoratidza kuti une rudo.
- Kutysisidzra mwana kumupa murango asi wozoregedza kunotenderedza musoro wemwana uye hakushandi.

8. Kana zvichibvira shandisa murango unoenderana nemhosva yapara.

- Murango uyu ndwekuti mwana abatsirikane kuva akachangamuka uye anogadzirisa maitiro ake.
- Somuenzaniso, kana Sarah achifarira kubatsira mai vake kubika asi otuka mukoma wake anga achidawo kubatsira. Mai vaSarah vanomuudza kuti haangabiki kusvikira mukoma wake akubikawo. Kna kuti Peter karova tafura mvura yorasika, mai vake vanomuti amubatsire kuikorobha .

Mumapoka madiki tauriranai

1. Ndechipi chidzidzo chawakatoshandisa nevana vako?
2. Ndezvipi zvidzidzo zvausati wambonzwa?
3. Verenga nyaya yaSeth munhanganyaya. Pedza motaurirana kuti baba vaSeth vangaita chii kuita izvi zvakasiyana.

Seth aiva nemadzikoma matanhatu nanasisi. Rimwe zuva vana sisi vake vaimuseka uye iye akanga asingachazvidi. Akange akatsamwa zvekuti akavadiira mvura yakawanda. Gaba racho remvura rakarova vana sisi vake vaviri vakatanga kuchema. Vatete vake vakazviona vakadeedza baba vavo. Bba vacho vakasvika vakatanga kumutuka. Munhu wese akatanga kutya, chero vavakidzani vaiwokera. Akarova Seth runa runenge rushanu nebhandi vakamuudza kuti asazviita zvakare kana kuti unomuka usingagoni kufamba. Seth akange akatsamwira vanasisi vake. Zuva raitevera sisi vake vakatangazve kumuseka. Munhu wese akaseka. Seth akarova sisi vaker. Rwendo rwuno baba vake vakaseka nevamwe vese.

Kuzvitsoropodza

1. Ndezvipi zvinoitwa nevana vako zvinokutsamwisa? Ndezvipi zvaungaita kudzora moyo wako usati waranga mwana?
2. Ndezvipi zvaungaita kuratidza vana vako kuti unovaranga nokuti unovada?
3. Ndechipi chitsva chauchaita kana wakuranga vana vako nzendo dzinotevera?

Dzimwe nzira dzokuranga nadzo vana

Kashoma zvinoita kuranga mwana wechidiki (makore 2-10). Kuranga kwakasiyana nokubhura mwana. Kana ukaranga mwana nokumurova, mirira unyoroveze moyo wako, woenda naye pane imwe nzvimbo womutsanangurira kuti sei wamurova kana kuzomurova. Usarovera mwana pamberi pevamwe. Izvi zvinonyadzisa uye zvinokonzeresa kutsamwa. Wapedza, unofana kuvambundira, wovaudza kuti unovada. Kurova kunokurudzira kurongeka uyu **kunoitwa kuburikidza nerudo** kushandura maitiro amangwana. Hakufaniri kukuvadza kana kukonzerwa nehasha kana kutsamwa. Kna kukashandiswa zvine uchenjeri, kunogona kumisa maitiro asiwo uyu kokurudzira kutendeka neugadzikana. Ukagara uchirova mwana, moyowavo unogona kuoma.

Kuranga mwana hazvirevi kungomurova chete. Kurova handiyo chete nzira yokuranga mwana. Dzimwe dzedzimwe dzokuranga mwana idzi:

- ☐ Ipa mwanabasa **robatsira**
- ☐ Taridza **kuti haubvumirani nazvo** (usingatsoropodzi mwani zvakanyanya)
- ☐ **Mutorere zvaanofarira sekuona TV**
- ☐ **Taridza mwana kuti tingagadzirisa sei uye kuti azive zvakanakaa**
- ☐ **Bvisa mwana pakati pevamwe**
- ☐ **Mupe sarudzo** -maitiro akanaka kana kurangwa
- ☐ Rega arwadziwenezvaakaita

Mumapoka madiki taurirananai

1. Funga panomborega kuteerera vana vako muri kumba.
2. Uchishandisa pfungwa dzataurwa dzisiri dzokurova. Gadzira basa rimwe uchishandisa zvidavado izvi.
3. Ita basa iri. Bvunza varikuona kuti kuranga kurikutaurwa.